

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda anu nyampak ayeuna téh mangrupa hasil tina kamekaran sapanjang masa. Éta kamekaran téh ditangtukeun ku kahirupan budi akal urang Sunda anu kapangaruhan ku suasana, tempat jeung mangsa nu kasorang dina sajarah kahirupan urang Sunda (Prawirasumantri, 2007 kc. 9).

Basa Sunda minangka kabeungharan budaya anu kudu dimumulé ku masarakatna. Ceuk paribasa gé basa téh mangrupa cicirén bangsa, leungit basana ilang bangsana. Hiji basa bakal leungit nalika masarakat (panutur basa) geus teu maké deui basana. Sabab basa téh lahir bareng jeung masarakatna. Upamana waé basa Sunda anu lahir bareng jeung ayana urang Sunda.

Lian ti salaku kareueus jeung idéntitas daérah, basa Sunda ogé miboga pancén salaku alat komunikasi di kulawarga jeung masarakat nyaéta pikeun ngedalkeun gagasan atawa pikiran. Luyu jeung anu ditétélakeun Chaer jeung Agustina (2010, kc. 14) basa nyaéta alat pikeun campur gaul, dina harti alat pikeun nepikeun pikiran, gagasan, konsép atawa eusi haté.

Komunikasi bakal lumangsung lancar saupama panyatur bisa nepikeun maksud jeung tujuanna kalayan merenah. Kiwari teu saeutik pasualan anu nyampak dimasarakat balukar tina teu ngawasana komunikasi. Upamana waé salasihiji sipat urang Sunda anu umum nyaéta tara wani nyarita ceplak pahang. Lamun aya ka-teu panuju téh tara diutarakeun sajalantarahna. Ari maksudna mah ngaragangan sangkan jalma lian anu diajak nyarita atawa omongan anu ditepikeun téh henteu nyentug kana haténa (Sudaryat, 2016, kc. 97). Antukna lain ngan saukur bisa nyieun lawan nyarita kasigeung tapi bisa ogé nepi ka gelut.

Salasihiji tarékah pikeun ngungkulan pasualan di luhur nyaéta dilarapkeunna pakeman basa. Dina basa Indonesia mah istilah pakeman basa téh mirip jeung nu disebut idiom (ungkapan kata). Pakeman basa téh réa pisan wandana di antarana aya babasan, paribasa, kecap kiasan, uga, jrrd. Loba nu apal yén pakeman basa téh

idiom wungkul padahal aya wanda pakeman basa anyar anu sipatna satengah-*idiom* nyaéta kekecapan.

Kekecapan téh kaasup kana kabeungharan basa Sunda anu mangrupa kecap-kecap nu geus jadi kailaharan atawa geus jadi ucapan kabiasaan. Ari kabeungharan basa Sunda téh réa, aya anu kapanggih dina kahirupan sapopoé, aya anu kapanggih dina karya sastra, upamana dina carita pantun salasihijina dina carita pantun *Lutung Leutik*. Ieu carita pantun téh eusina ngeunaan carita buhun anu bisa nambah pangaweruh siswa ngeunaan sajarah Sunda. Lian ti éta, carita pantun anu euyeub ku ungkara pakeman basa bisa dijadikeun bahan ajar di Sakola.

Kanyataanna pangaweruh siswa ngeunaan kekecapan téh heureut kénéh. Katitén ti mimiti SD tug nepi ka SMP pakeman basa anu dipikawanoh téh ngan babasan jeung paribasa hungkul, malahan sok teu bisa ngabédakeun antara kekecapan jeung babasan. Pangaweruh siswa dina nyangkem kekecapan mangaruhan kana kamahéranna dina ngalarapkeun kandaga kecap. Kandaga kecap aya dina wengkuan konsep basa anu bisa dijadikeun materi poko bahan ajar basa Sunda.

Sakumaha anu ditétélakeun ku Haerudin jeung Kardana (2013, kc. 111) yén pangajaran kandaga kecap aya dina papayung pangajaran kamahéran basa; dina topik pangajaran maca, nyarita, jeung nulis. Pangajaran kandaga kecap sanajan dina SK-KD teu sinerat sacara husus, tapi fungsina mangrupa alat pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Bahan kekecapan aya dina KI-KD pangajaran basa jeung sastra Sunda kelas IX, nyaéta aya dina wengkuan pakeman basa salaku kabeungharan basa Sunda.

Aya sababaraha panalungtikan anu méh sarua nyaéta aya dina wengkuan pakeman basa. Anapon panalungtikan anu dilakukeun ku mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daérah saméméhna, di antarana: “Gaya Basa Métafora dina Babasan jeung Paribasa Sunda” (Ulikan Stilistika jeung Semantik) (Anita Nurul Fauziah, 2014); “Pakeman Basa dina Novél *Pangéran Kornel* Karya R. Memed Sastrahadiprawira pikeun Alternatif Bahan Pangajaran di SMA” (Nur Aisyah Suwanda, 2016); “Gaya Basa Ngupamakeun dina Babasan jeung Paribasa Sunda

(Tilikan Silistika jeung Semantik)” (Novi Nurul Khotimah, 2016); jeung “Ulikan Stilistik kana Pakeman Basa dina Novél *Laleur Bodas*” (Anisya Harti Nur Dewi, 2017).

Panalungtikan ngeunaan kekecapan can kungsi dilakukeun sabab tiori ngeunaan kekecapan kakara muncul dina tiori Sudaryat (2016). Lian ti éta objék anu dipaké dina ieu panalungtikan béda jeung panalungtikan-panalungtikan di luhur. Carita pantun *Lutung Leutik* jadi objék dina ieu panalungtikan, tangtuna carita pantun mangrupa karya sastra anu rélatif leuwih buhun ti batan novél. Hartina bisa jadi aya kekecapan anu teu kacatet dina buku kumpulan kekecapan. Dumasar kana sababaraha alesan di luhur panalungtikan anu dijudulan “Kekecapan dina Carita Pantun *Lutung Leutik* pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh medar perkara kekecapan anu nyangkaruk dina carita pantun *Lutung Leutik* pikeun bahan pangajaran di SMP. Ieu hal didasaran ku anggapan yén 1) dina kahirupan masarakat Sunda aya kabeungharan karya sastra anu disebut carita pantun *Lutung Leutik*, 2) dina carita pantun téh kapanggih rupa-rupa kekecapan, 3) kekecapan miboga wanda jeung harti anu tangtu, jeung 4) kekecapan dina carita pantun bisa dijadikeun bahan pangajaran Basa Sunda di SMP.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, aya sababaraha masalah anu kudu dirumuskeun. Éta rumusan masalah téh bisa ditepikeun dina kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Naon waé kekecapan anu aya dina carita pantun *Lutung Leutik*?
- 2) Kumaha wangun jeung pola kekecapan anu nyangkaruk dina carita pantun *Lutung Leutik*?
- 3) Kumaha harti kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik*?
- 4) Kumaha kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik* bisa dijadikeun bahan pangajaran Basa Sunda di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngajéntrékeun kekecapan anu nyangkaruk dina carita pantun *Lutung Leutik* ogé pikeun alternatif bahan pangajaran Basa Sunda di SMP.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- 1) kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik*;
- 2) wangun jeung pola kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik*;
- 3) harti kekecapan anu nyangkaruk dina carita pantun *Lutung Leutik*;
- 4) kekecapan dina carita pantun *Lutung Leutik* bisa dijadikeun bahan pangajaran Basa Sunda di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis nyaéta ngajembaran pangaweruh ngeunaan kekecapan anu geus dipasing-pasing dumasar wandana. Lian ti éta pikeun mekarkeun atawa ngeuyeuban élmu semantik (tata harti) dumasar tujuanna séwang-séwangan.

1.3.2 Mangpaat Praktis

Anapon mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif sumber atawa bahan ajar di SMP;

- 2) pikeun siswa, dipiharep tina ieu panalungtikan siswa bisa wanoh sarta maham kana kekecapan katut wandana anu dilarapkeun dina kahirupan sapopoé;
- 3) pikeun panulis, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh luyu jeung widang paélmuanna.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh dipidangkeun dina lima bab, saperti ieu dihandap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung husus, mangpaat anu ngawengku mangpaat praktis jeung tioritis, pamungkas medar raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori jeung Raraga Mikir, eusina ngajéntrékeun ngeunaan tiori-tiori nu jadi dadasar dina ieu panalungtikan, raraga mikir, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan méthode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung tiori-tiori dina bab II.

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina mangrupa kacindekan tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun jeung saran atawa rékomendasi anu aya patalina jeung ieu panalungtikan pikeun sampurnana panalungtikan saterusna.